Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 39 (7543)
6 октябрь
Хамиз
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Баркула - РаббигIул Авваль

**ХIурматиял Унсоколо раионалъул гIадамал, хириял вацал ва яцал!**

ТIаде щвана бищунго баркат бугел моцIаздасан цояб, лъагIалида жанир нилъ гIемер ралагьун чIараб моцI, нилъер хирияв МухIаммад авараг (с.т.гI.в.) Аллагьасул вокьулев жанив гьавураб РаббигIул Авваль моцI. Гьеб бачIиналъ буссурбабазе рес щвана цIидасанги нилъер авараг (с.т.гI.в.) ракIалде щвезавизе, мавлидал ахIизе, гьесул гIумроялъул бицун гьайбатаб гIамал – хасияталдасан нилъеего мисал босизе.

Гьеб моцIалъ цойги нухалъ нилъер пикру буссинабула щивлъун гьев нилъее вукIаравали: вацIалъи, божи, пикрабазулъ – пишабазулъ дандеккей, Аллагьасе къули, хъулухъ гьаби ва гь.ц.

Щивасе гьарула гьеб моцI лъикIал гIамалалги гьарун инабизе.

**ХIурматгун «Унсоколо район» МОялъул бетIер**
**ГI. НурмухIамадов.**

Мобилизация: провокация

## РичIчI баккулезда божуге!



Гьал къоязда райадминистрациялъул конференц – залалда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас дандчIвай тIобитIана. Аслияб суаллъун гьениб букIана РФялъул Президент В.В.Путиница Украиналда унел рагъазда хурхун лъазабураб мобилизациялъул ишалъе районалъул гIолилазда гьоркьоб гьабулеб бичIчIи кьеялъул хIалтIул суал.

ДандчIваялда гIахьаллъана РДялъул БетIерасул ва Правительствоялъул вакил, районалъул актив, депутатал, чIахIиязул совет.

Жиндирго кIалъаялда ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна: «Дагъистаналъул кидаго цIар букIана ВатIан бокьиялъул ва къвакIигун къо хIехьеялъул. – Нилъер кIудиял эменал ва умумал кидаго мегIерлъун цере чIана ракьалда рекъел щулалъиялъе. Жакъа нилъецаги бихьинчияб къо хIехьей бихьизабизе ккола ВатIан цIунулаго», - абун.

- Мобилизациялде данде рахъарал митингал унел руго бакI – бакIазда. Гьеб ккола гъалмагъирчилъи ва общественнияб гIадлу хвезаби. Гьединал митингал гьаризе ахIулел руго нилъеда данде ругез, нилъер лъимал чIвалез, нилъер букIинесеб хвезабулез. Ургъе гьелда тIад! Кинал ракIаниги провокациязда рекъон гIадлу хвезабуге, – ян бихьизабуна хадубги гьес.

ДандчIваялда кIалъазе рахъана районалъул Собраниялъул пред. М. Юсупов, ЖамгIияб Палатаялъул вакил ХI. МухIамадзагьидов, районалъул финансовияб отделалъул начальник Ж. Шамсудинов, Балахьуни росдал школалъул лъималазулгун гIолилазул спортивияб школалъул директор А. МухIамадов ва цогидалги.

ХIинкъи гьечIолъи

## Жакъа тарбия – лъай кьолезул масъалаби



Лъай кьеялъул учреждениязул нухмалъулелги гIахьал гьарун данделъи тIобитIана гьал къоязда райадминистрациялда. Къойил тема-ялде росун рукIана: лъай кьеялъул учреждениязда терроризмалъул ва цIа ккеялдаса цIуниялъул цIодорлъи букIинабиялда, лъималазе хинаб квен чIезабиялда, учреждениял хасалиде хIадуриялда, школазул цIалул процесс иналда, предметазулал олимпиадаби тIоритIиялда, ЕГЭялде хIадурлъиялда, мобилизациялъул компания гIуцIадго иналда хурхарал суалал.

Данделъи ана пайда бугеб куцалда. Гьеб рагьулаго ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна гьаб заман нилъее кIвар бугеб бугилан, «Нилъеда бихьулеб буго дунялалда кколел ругел кIвар бугел хиса – басиял. КъватIисев тушманас кинабго гьабулеб буго нилъер улкаялда рагъ ккезабиялъе. Гьедин лъидал нилъер щивасда бараб буго улкаялъул букIинесеб.»

Гьес киналго школазул директорал, яслиязул киналго заведующиял ахIана гIолилазда ва лъималазда гьоркьоб тарбиягун бичIчIи кьеялъул хIалтIи кутаклъизабизе, гьезул хьвада – чIвадиялда хадуб хал ккезе. Гьенибго суал хъатIана лъимал ругел бакIазда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялда хурхун. БетIерас тIадчIей гьабуна гьезие бахIарзал - церехъабазул мисалда тарбия кьеян. Хал ккве ВатIаналде данде рахъарал митингазда гьел гIахьаллъунгутIиялъе.

Гьединал хIужаби ккани гьезул хъизаназда лъималазул тарбия кьеялъулъ тасамахIлъи биччалеб бугищали хал ккезе ккола. Гьединго ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна гьаб сагIаталда нилъер ВатIаналде данде униб бугин ургъунго гьабулеб, рагIа – ракьанде щвараб информациялъулаб рагъ, - абун.

ЦIияб цIалул соналде школал хIадур гьариялъул ва финансовиял суалаздасан данделъиялда кIалъана бетIерасул зам. Хъ-М. Абдулхаликъов, олимпиадабазде хIадурлъиялъул бицана З. Садрудиновалъ.

## Мобилизация: ХIалтIи дандбана

2 октябралда хIалтIулаб сапаргун Унсоколо районалде щвана РДялъул БетIерасул ва Правительствоялъул нух малъулев А. ХIасанов. Гьес муниципалитеталда данделъи гьабуна частич-нияб мобилизациялда хурхун. Гьениб тIадчIей гьабуна цебе гьеб ишалъ риччарал гъалатIал ритIизариялда хурхун.

Тадбиралда гIахьаллъана РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухIамадов, росабазул бутIрул, рагъулав комиссар ва прокурор.



Гьенир дандрана мобилизация рагьараб къагIидаялда иналъе тадбирал.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 39 (7543)
Хамиз
6 октябрь 2022 сон



Украиналде ВатIан цIунизе унезе нух битIи гьарараб дандчIвай букIана гьал къоязда Буйнакск шагьаралда. Гьенир кIалъазе рахъарал рагъде унез бихьизабуна: «ВатIан цIунизе уна унго – унгоял бихьинал, руччабаз гурелъулха гьеб цIунизе кколеб. ВатIаналда цебе налъи тIубай буго щивав бихьинчиясул тIадаб иш» - ян. Нух битIи гьарула тIадаб налъи тIубазе унев щивасе нилъецаги!

# Аппараталъул данделъи

Арал къоязда букIараб райадминистрациялъул аппараталъул данделъиялда аслияб суал букIана ВатIан цIунизе гIолилал ритIиялъул. Гьениб бихьизабуна нилъер Президент В.В. Путиница лъазабураб мобилизация нилъер районалдаги унеб бугин. «Дие бокьун буго нужер щивас районалъул гIадамазда гьоркьоб гьеб рахъалъ бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабизе» - ян бихьзабуна гьениб кIалъалаго бетIер ГI. НурмухIамадовас. – Гьединго дица тIалаб гьабула нужер щивас ВатIан цIунизе аразул хъизанazда кверчIвай. Гьезул лъимал сундухъго ралагьичIого росисе ккола ясли – ахазде, кумек гьабизе ккола хъизаназе. Гьезие щвезе ккола пачалихъалъ чIезарурал выплатаби ва бигьалъаби. ТIаде ккелес хал кквезе ккола гьел суалал тIураялда хадуб.

БетIерас тIадчIей гьабуна районалда бугеб ахIвал - хIал берзукьа борчIизе бегьуларинги.



Семинар - совещание

# Ришватчилъиялда данде чIараб стандарталда



3 октябралда «Унсоколо район» МОялъул администрациялда букIана муниципалитеталъул хъулухъчагIазул ришватчилъиялде данде чIараб стандарталъул семинар – совещание.

Гьениб аслияб кIвар буссинабуна «интересазул дагIба – рагIи» ва «жиндирго интерес» букIин гIадал суалазде кIвар кьеялде, тIадал ишал тIуралаго жиндирго интересазул дагIба – рагIиялъул ва хъулухъалъулал суалал тIураялъул, гьединго некомерческиял организациязул хIалтIул ва цогидалги рецIел кьезе кколарел бакIазда хIалтIи бачиналъул, гьелда хурхарал ихтиярал хвезариялъул.

Семинар букIана кутакалда пайдаяб. Гьеб унаго гIахьалчагIазе кьуна рикIкIен гIемерал суалал, гьезие чIван къотIарал жавабалги щвана, правовиял суалазда хурхун бетIерай специалист У. Бартихановалъ ва администрациялъул аппарат управлениялъул нух малъулей П. ГIалиевалъ.

Учителасул Къо

# ХIалтIуца рохел кьолеб мехалъ

«Дунялалда руго аза – азар махщелал, киналго гьел руго хIажатал ва рекIее рохел бачIунел. Гьединлъидал щивав чияс жиндиего махщел тIаса бищизе ккола ракI – ракIалъ бокьулеб».

Гьединал рагIабигун байбихьана «Ласточка» ясли – ахикь цIалулгун тарбия кьеялъул ишалъул рахъалъ ясли – ахалъул заведующиялъул зам. ГIайищат МухIамадовалъулгун дир гара-чIвари.

– Щай гьединаб махщел тIаса бищараб – ян кьураб суалалъе ГIайищатица жаваб кьуна - гьаб бугин дир рухIияб тIаса бищи, - абун.

ГIайищат МухIамадова ясли – ахикь хIалтIулей йиго 44 соналъ. Цебе чIезабеха гьелщинал саназ муниципалитеталъул ясли – ах лъикIазул кьеразулъ чIезабиялъе кигIанисеб къуват гьелъ кьурабали.

Кидаго ГI. МухIамадовалъул рокъор риччан рукIуна ясли – ахалъул гьитIичазул гьунаразул рицунел дискал, чанго нухалъ гьалъ такрар гьабула, «Балагье цо гьазул камиллъи», - абун. Гьедин букIуна чиясе жиндирго хIалтIи ракI – ракIалъ бокьулеб мехалъ.

ГI. МухIамадова гьаюна ва гIуна Унсоколо росулъ. Гьениб 8 классги лъугIизабун лъугьана Буйнакскиялъул педагоглъиялъул училищеялде, щвана «Детсадалъул воспитатель» абураб специальность. Хадуй цIалана ДагъистаналЪул пачалихъияб педагоглъиялъул университеталда, лъай борхизабуна «Преподователь дошкольной педагогики и психологии» абураб цIаралда гьоркь квалификацияги гьабун.

1978 соналъул февралалдаса нахъе ГIайищат хIалтIулей йиго «Ласточка» ясли – ахикь. Гьел халатал саназда жаний хIалтIана тарбия кьолей чIужулъун, методистлъун. 2010 соналдаса нахъе абуни яслиялъул заведующаялъул замлъун. ГIайищат цIалулей йиго жакъа къоялде щвезегIанги. 2020 соналда букIана махщел борхизабиялъул тIадхIалтIи ва щвана школазда цебесеб лъай кьеялъул сфераялда «Менеджмент» - абураб диплом. Гьединго мустахIикълъана «РДялъул лъай кьеялъул отличник» - абураб каранда балеб гIаламаталъе ва гIемерал грамотабазе.

ХIалтIуца рохел кьолеб мехалъ талихIав вукIуна чи. ТалихIай йиго гьитIичазул гьудул ГIайищат МухIамадоваги.

**Асият МухIамадова**

# Разъяснения министерства обороны относительно мобилизации граждан

**Кого призовут, а кого оставят: Разъяснения Минобороны по частичной мобилизации.**

• Будут призываться те, кто необходим для выполнения задач - это, конечно же, стрелки, танкисты, артиллеристы, водители, механики-водители
как таковой очередности призыва из запаса нет, но приоритет отдается тем, у кого есть подходящие военно-учетные специальности
• количество призываемых определено штатной потребностью комплектуемых воинских частей
• один из основных факторов - наличие боевого опыта
• будут призываться как офицеры, так и рядовые и сержанты
• по закону подлежат призыву по мобилизации рядовые и сержанты до 35 лет, младшие офицеры до 50, старшие до 55
• есть должности, которые могут замещаться женщинами, имеющими соответствующие военно-учетные специальности, например медработники - но потребность в таких специалистах минимальная
• в соответствии с законом не будут призываться:
• забронированные граждане, к ним относятся работники предприятий оборонной промышленности
• признанные временно не годными по состоянию здоровья
• занятые постоянным уходом за членом семьи либо за инвалидами I группы
• имеющие на иждивении 4 и более детей в возрасте до 16 лет
• те, чьи матери кроме них имеют 4 и более детей в возрасте до 8 лет и воспитывают их без мужа
• граждане, забронированные установленным порядком за организациями, получают право на отсрочку, согласно пункту 1 статьи 18 закона «О мобилизационной подготовке»
• если военный пенсионер, независимо от принадлежности к силовым ведомствам, находится в отставке (старше 65 лет или по состоянию здоровья) и снят с воинского учета, он не подлежит призыву по мобилизации
• квоты по численности призываемых из запаса не устанавливаются, исходя из объемов имеющегося мобилизационного резерва каждому региону определено отдельное мобилизационное задание, оно зависит от количества граждан на воинском учете в регионе
• те, кто постоянно живет вне России и не состоит на воинском учете, не подлежит призыву, а те, кто уехал ненадолго и по месту жительства в России состоит на воинском учете, могут быть призваны.

## Малое и среднее предпринимательство

**С 7 сентября 2022 года по 14 октября 2022 года, включительно, в Агентстве по предпринимательству и инвестициям Республики Дагестан объявлен прием заявок на предоставление субсидий субъектам малого и среднего предпринимательства.**

С 7 сентября 2022 года по 14 октября 2022 года, включительно, в Агентстве по предпринимательству и инвестициям Республики Дагестан объявлен прием заявок на предоставление субсидий субъектам малого и среднего предпринимательства в целях возмещения части затрат, связанных с участием в выставочно – ярмарочных мероприятиях (Постановление Правительства Республики Дагестан от 01.11. 2021 г. №300).

Субсидия одному получателю предоставляется в размере 70 процентов, но не более 500,0 тысяч рублей от суммы расходов, понесенных не позднее чем за год, предшествующий дате подачи заявки, и связанных с:

а) оплатой регистрационных взносов (сборов);
б) арендой выставочных площадей;
в) арендой выставочного оборудования.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 39 (7543)
Хамиз
6 октябрь 2022 сон

3 гьумер

**Садовод**

Страница в номере



# Что нужно знать при обращении за предоставлением муниципальной услуги

**ЧТО НУЖНО ЗНАТЬ ПРИ ОБРАЩЕНИИ ЗА ПРЕДОСТАВЛЕНИЕМ МУНИЦИПАЛЬНОЙ УСЛУГИ ПОДГОТОВКА ДОКУМЕНТОВ И ВЫДАЧА РАЗРЕШЕНИЯ НА ВВОД ОБЪЕКТА В ЭКСПЛУАТАЦИЮ РАСПОЛОЖЕННОМ НА ТЕРРИТОРИИ МО «УНЦУКУЛЬСКИЙ РАЙОН»**

Для подготовки документов и выдачи разрешения на ввод объекта в эксплуатацию необходимо обратится в Администрацию МО «Унцукульский район» главному архитектору или Многофункциональный центр предоставления государственных и муниципальных услуг РД в Унцукульском районе.

Круг заявителей, которые могут обращаться за услугой.

В качестве заявителей, имеющих право на получение Муниципальной услуги может выступать заказчик - застройщик, обратившийся за предоставлением муниципальной услуги.

Информация о порядке предоставления муниципальной услуги выдается:
- с использованием средств электронного информирования;
- с использованием средств телефонной связи;
- в устном виде на личном приеме;

Адрес электронной почты: mo_uncuk_raion@mail.ru

Адрес: пгт. Шамилькала, ул. М.Дахадаева,3, здание Администрации района.

График работы: понедельник - пятница: с 9.00 часов до 18.00 часов, перерыв с 13 часов до 14 часов, выходные дни недели: суббота, воскресенье.

Телефон: 8 (8722) 55-64-89.

Срок предоставления Муниципальной услуги

Общий срок предоставления муниципальной услуги составляет 20 календарных дней со дня приема заявления.

Перечень документов, необходимых для получения Муниципальной услуги
-заявление о выдаче разрешения на ввод объекта в эксплуатацию;
-правоустанавливающие документы на земельный участок;
-градостроительный план земельного участка;
-разрешение на строительство;
-акт приемки объекта капитального строительства (если строительство, реконструкция осуществляются на основании договора);
-документ, подтверждающий соответствие построенного, реконструированного объекта капитального строительства требованиям технических регламентов;
-документ, подтверждающий соответствие параметров построенного, реконструированного объекта капитального строительства проектной документации, в том числе требованиям энергетической эффективности и требованиям оснащенности объекта капитального строительства приборами учета используемых энергетических ресурсов (кроме объектов индивидуального жилищного строительства);
-акт о выполнении заявителем технических условий присоединения к электрической сети (если осуществлено присоединение к электрическим сетям);
-акт о готовности внутриплощадочных и внутридомовых сетей и оборудования подключаемого объекта к подаче тепловой энергии и теплоносителя (если осуществлено присоединение к системе теплоснабжения);
-акт о технической готовности объектов централизованной системы горячего водоснабжения (если осуществлено присоединение к централизованным системам горячего водоснабжения);
-акт о готовности внутриплощадочных и (или) внутридомовых сетей и оборудования объекта к подключению к централизованной системе холодного водоснабжения (если осуществлено присоединение к централизованным системам холодного водоснабжения);
-акт о готовности внутриплощадочных и (или) внутридомовых сетей и оборудования объекта к подключению к централизованной бытовой или общесплавной системе водоотведения (если осуществлено присоединение к централизованным бытовым или общесплавным системам водоотведения);
-акт о готовности внутриплощадочных и (или) внутридомовых сетей и оборудования объекта к подключению к централизованной ливневой системе водоотведения (если осуществлено присоединение к централизованным ливневым системам водоотведения);
-акт о готовности сетей газопотребления и газоиспользующего оборудования к подключению (технологическому присоединению) (если осуществлено присоединение к сетям газораспределения);
-заключение органа государственного строительного надзора о соответствии построенного, реконструированного объекта капитального строительства требованиям технических регламентов и проектной документации, в том числе требованиям энергетической эффективности и требованиям оснащенности объекта капитального строительства приборами учета используемых энергетических ресурсов (если предусмотрено осуществление государственного строительного надзора);
-схема, отображающая расположение построенного, реконструированного объекта капитального строительства, расположение сетей инженерно-технического обеспечения в границах земельного участка и планировочную организацию земельного участка;
-договор обязательного страхования гражданской ответственности владельца опасного объекта за причинение вреда в результате аварии на опасном объекте (если имеется наличие опасных объектов, в том числе подъемные устройства, оборудование, работающее под давлением от 0,07 МПа);
-технический план.

Документы, получаемые по каналам межведомственного взаимодействия:
-градостроительный план земельного участка;
-правоустанавливающие документы на земельный участок - свидетельство о государственной регистрации прав;
-заключение органа государственного строительного надзора (если предусмотрено осуществление государственного строительного надзора) о соответствии построенного, реконструированного, отремонтированного объекта капитального строительства требованиям технических регламентов и проектной документации, в том числе требованиям энергетической эффективности и требованиям оснащенности объекта капитального строительства приборами учета используемых энергетических ресурсов, заключение государственного экологического контроля в случаях, предусмотренных частью 7 статьи 54 Градостроительного Кодекса Российской Федерации.

Досудебный (внесудебный) порядок обжалования решений и действий (бездействия) органа, предоставляющего услугу, а также их должностных лиц, муниципальных служащих

Заявитель имеет право на досудебное (внесудебное) обжалование действий (бездействий) и решений, принятых (осуществляемых) в ходе предоставления муниципальной услуги, в случае несогласия с указанными действиями или решениями.

Предметом досудебного (внесудебного) обжалования являются действия или бездействие муниципальных служащих, ответственных за предоставление муниципальной услуги.

Основания для приостановления рассмотрения жалобы:
- если документы, имеющие существенное значение для рассмотрения жалобы, отсутствуют или не приложены к обращению.

Случаи, в которых ответ на жалобу не дается:
- если в письменном обращении не указаны фамилия заявителя и почтовый адрес, по которому должен быть направлен ответ; при получении письменного обращения, в котором содержатся нецензурные либо оскорбительные выражения, угрозы жизни, здоровью и имуществу специалиста, а также членов его семьи, он вправе оставить обращение без ответа по существу поставленных в нем вопросов и сообщить заявителю, направившему обращение, о недопустимости злоупотребления правом; если текст письменного обращения не поддается прочтению, ответ на обращение не дается, о чем сообщается заявителю, направившему обращение, если его фамилия и почтовый адрес поддаются прочтению; если в письменном обращении содержится вопрос, на который заявителю многократно давались письменные ответы по существу в связи с ранее направленными обращениями и при этом в обращении не приводятся новые доводы или обстоятельства, уполномоченный на то специалист вправе принять решение о безосновательности очередного обращения и прекращении переписки с заявителем по данному вопросу. О данном решении уведомляется заявитель, направивший обращение.

В случае, если причины, по которым ответ по существу поставленных в обращении (жалобе) вопросов не мог быть дан, в последующем были устранены, заявитель вправе вновь направить обращение (жалобу) в архитектурно-строительную службу, либо соответствующему должностному лицу.

Основаниями для начала процедуры досудебного (внесудебного) обжалования является поступление письменного заявления.

Заявитель в своем письменном обращении в обязательном порядке указывает: либо наименование органа, в который направляет письменное обращение, либо должность, фамилию, имя, отчество соответствующего Специалиста отдела, а также свои фамилию, имя, отчество (последнее - при наличии), полное наименование для юридического лица, почтовый адрес, по которому должны быть направлены ответ или уведомление о переадресации обращения, излагает суть предложения, заявления или жалобы, ставит личную подпись и дату; суть обжалуемого действия (бездействия); обстоятельства, на основании которых заявитель считает, что нарушены его права, свободы и законные интересы, созданы препятствия к их реализации либо незаконно возложена какая-либо обязанность; иные сведения, которые заявитель считает необходимым сообщить.

В случае необходимости в подтверждение своих доводов заявитель прилагает к письменному обращению документы и материалы либо их копии.

Заявитель имеет право на получение информации и документов, необходимых для обоснования и рассмотрения жалобы; представлять дополнительные документы и материалы либо обращаться с просьбой об их истребовании, в том числе в электронной форме; знакомиться с документами и материалами, касающимися рассмотрения обращения, если это не затрагивает права, свободы и законные интересы других лиц и если в указанных документах и материалах не содержатся сведения, составляющие государственную или иную охраняемую федеральным законом тайну; обращаться с жалобой на принятое по обращению решение или на действие (бездействие) в связи с рассмотрением обращения в административном и (или) судебном порядке в соответствии с законодательством Российской Федерации; обращаться с заявлением о прекращении рассмотрения обращения.

Решения и действия (бездействия) должностных лиц и муниципальных служащих могут быть обжалованы:
- заместителям Главы Администрации МО «Унцукульский район»; в Администрацию МО «Унцукульский район»; главному архитектору администрации МО «Унцукульский район»; в иные органы в соответствии с законодательством Российской Федерации.

Срок рассмотрения письменного обращения - 1 месяц.

По результатам рассмотрения письменного обращения Заявителя принимается решение об удовлетворении требований заявителя либо об отказе в удовлетворении жалобы.

Письменный ответ, содержащий результаты рассмотрения обращения, направляется Заявителю.

# Поэзиялда - рагъул тема

(РагІи - ЖабрагІил Халидовасе)



Мадугьалихъ тенкон тушманлъиялда
Байденил яргъица гъалбацІал лъварал,
Гъаримал улбузул васахъ гІодулел
МагІил гьаракь рагІун, кантІуларел щай?

Микьго соналъ тана нуж Путиница
ГІурус миллаталде тІухьи лагІулел,
ЗагІипазе гІазаб кьезе рахъарал
Залим тІаде щведал, щиб хІалалъ ругел?

Россия чІинтІизе къасд лъурал чагІи
ГІемерал рукІана гьаб дунялалда,
Дандиясул зарул махІ сунтІарабго
ТІажалги гъоркьго тун, тІуризе ккарал.

Полякал, шведал, татар-монголал
Наполеоница Москва бахъараб,
Гитлерил гьужумалъ нужер руччаби
Вагонал цІун арал, кІочонищ тарал?

США - Германиялъ гьусун хІалдолел
Гьал бендерил наслу къаникье ккаги,
Къадарлъи беццулел, ритІухълъи чІвалел
НАТОялъул борхьал ракьулъе аги!

## Бендерил наслу

ВатІан бичаразе, чилъи хваразе
Памятникал лъолел бендерил наслу,
Америкаялъул рахсида – гьаби
ГІурус миллат рихун хІалдолел ругел.

## Киведай тІурилев, мун Зеленский?

Нилъерго гъалмагъир гІодобцаниги
Мадугьалихъ питна, бендерал цІилъун
ЦІияб ярагъалъул гІанкІва цІалелъул
ЦІа кІияздаго тІад бетулеб буго.
Рецц Аллагьасе, - ян абуларев чи
Иван Грозныйцин нилъер вукІинчІо,

Шведал, полякал, туркал, японцал,
Нилъер хІал бихьичІев чиго хутІичІо!
Наполеон - Гитлер нилъгун дагІбадун
Москвалде щварал щущахъ риххана,
ЖугьутІ – Зеленский, Киевалдаса,
Киве тІурулеван, ралагьун рукІа!

## Рагъул кьогІлъи

Дагъистаналъул цІумал
ЦІорорал гробазухъ,
Эбел – эмен чІагого
ТІаде гІунтІулел руго.

Лъималаз дадайилан
Абун гІорцІичІел васал,
Осколкабаз, гулбуца –
ТІутІун рачІунел руго.

ЯхІ гьечІеб мадугьаллъи
Тушманас мерхьунелъул,
Теларилан лъугьарал
Нилъер умумал чІвана.

Дозухъ чІегІер бахъичІел
Руччабаз дунял тана,
Дозул ясаз цІидасан
ЧІван буго чІегІераб кІаз.

Польша, Литва, Латвия
Маххул чалалги гьарун,
Нилъедаса цІунизе
ЦІодорлъиялда руго.

Россия тІаде кІанцІун
Бахъараб шагьар бугищ?
Теларилан лъварав чи
ЧухІун витІи гурони.

Гитлер - Наполеонил
Ахир кинаб лъугьараб?
Азов хІорихъ шведал
Донскояс кин гъурарал?

Дунялго кумекалъе
АхІарав Зеленский,
Кинги Путинил зарухъ
Урхъун вугилан ккола.



Редакциялде кагъат

# Баркала – медиказе



Дие бокьун буго баркала кьезе
Гьаб больницаялъул тохтурзабазе,
ТІабигІат берцинал, пиша дурусал
МагІарул ясазде сарин гьабизе.

Гьаниб унтаразул адаб гьабула
Берцинаб каламалъ ракІ-макІ гьабула,
Радал къасилахъе тІадеги рачІун
ЧІаголъи гьабула нижер ракІазе.

Гьаб коллективалъул бетІерай врач
ГІайишат Къадиева – кьеги дуй сахлъи,
Унтарал разияй хІеренай врач,
НижгІан разилъаги, дудаса Аллагь!

Цоги бокьун буго Нупайсатиде
Киналго разилъун рагІаби хъвазе,
Нижер палаталъул унтаралщинал
Дудаса разилъун цІакъ рохун руго.

Разияб гьумергун, махсарабигун
Мун жаний ячІани, ниж сахлъун уна,
Сахаватай дуца хал – шал гьабуни
Дару гьабичІого унти тІагІуна.

ХъахІал маккалгІадал медсестрабиги
Радал - къасилахъе тІаде рачІуна,
ХІеренаб каламгун ракІ-макІги гьабун
ЗагІипал унтарал рази гьарула.

Гьанир свак – кІвахІ гьечІел санитаркаби
Щибаб минуталда хІалтІулел руго,
ХІилла – рекІкІ лъаларел, хІалтІи берцинал
РацІалъиги цІунун цІодорго руго.

Кванда тІагІам бугел поварзабаца
ТІагІамаб квен буго кидаго кьолеб,
Иман рекІелъ бугел, магІарул ясаз
ТІегьазабун буго гьаниб больница.

Баркала тІолабго коллективалъе
Унтарал разиял гьал медиказе,
ЧІухІи гьабичІого, гурхІелги гьабун
Дару – сабаб батун ниж сах гьарурал!

**ГІайнаъ Камилова. Генуб росу.**

Районалъул информациялъул отделалъ, «Ахихъан» газеталъул хІалтІухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго жамгІияб палатаялъул пред. М. ГІабдулаевасда ва тІолабго гІагарлъиялда вац **МухІамадгІали** завалияб гІужалда Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьесие Алжан насиб гьабун батаги, нахъе ругезе сабруги кьеги.


Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 06.09. 2022 г.
16. 50
фактически -16. 35 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.